



Enfòmasyon sou **AKSÈ NAN LANG NAN TRIBINAL**

Si ou bezwen yon entèprèt, tribinal la ap ba ou youn gratis. Sa a se yon sèvis ki gratis pou moun ki itilize sèvis tribinal yo.

Nan lòt bò kat la, w ap jwenn enfòmasyon sou wòl entèprèt la, ak enfòmasyon sou sa entèprèt la kapab oswa pa kapab diskite avèk ou.

Si ou gen yon kesyon oswa enkyetid sou sèvis entèprèt tribinal la, pale avèk Jij ki sou dosye ou, oswa pale avèk grefye Tribinal kote y ap tande dosye a, oswa ale nan Biwo Aksè nan Lang (Office of Language Access):

BIWO AKSÈ NAN LANG

NYS Office of Court Administration
25 Beaver Street, 8th Floor,
New York, New York 10004

TELEFÒN: (646) 386-5670

ADRÈS IMÈL: courtinterpreter@nycourts.gov

nycourts.gov/courtinterpreter



FASON POU UTILIZE SÈVIS YON ENTÈPRÈT TRIBUNAL

- Pou ede ou kominike pandan pwosedi tribinal la, n ap ba ou yon entèprèt ki pale lang natifnatal ou.
- Djòb entèprèt la se pou repete ba ou nan lang natifnatal ou, tout sa Jij la oswa lòt moun ki nan tribinal la ap di.
- Entèprèt la ap repete nenpòt sa ou di tou nan lang ou, nan lang Anglè.
- Pa gen anyen ou di k ap chanje oswa ki p ap repete nan entèpretasyon sa a.
- Entèprèt la pa gen pèmisyon pou ba ou konsèy oswa pou fè konvèsasyon an prive avèk ou.
- Entèprèt la p ap pale sou dosye ou avèk okenn moun deyò tribinal la.
- Si yon bagay pa klè pou ou oswa si ou gen yon kesyon, leve men ou. Jij la ap reponn kesyon oswa enkyetid ou yo.
Pa mande entèprèt la pou li ba ou enfòmasyon oswa konsèy dirèkteman sou dosye a.